



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KREYASYON PWOGRAM AKSELERATÈ KWASANS  
BIZNIS MWBE (MINORITY AND WOMEN-OWNED BUSINESS ENTERPRISE) AK  
PWOGRAM ASISTANS POU SÈTIFIKASYON MWBE**

***De Novo Pwogram MWBE pou Devlope Opòtinite Kapasite pou Konstwi epi Ofri  
Èd pou Sètifikasyon Konpayi MWBE yo***

***Dat Limit Pwopozisyon yo se Lendi 5 Jwen***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kreyasyon de nouvo pwogram pou antrepriz fi ak minorite yo posede yo. Yo te emèt yon Apèl Dòf pou kreyasyon pwogram Akseleratè Kwasans Biznis MWBE a (MWBE Business Growth Accelerator) ak pwogram Asistans pou Sètifikasyon MWBE an (MWBE Certification Assistance), ki fèt pou ogmante kapasite MWBE yo epi asire ke yo patisipe nan pwosesis kontratasyon Eta a. Nouvo inisyativ yo ki te premye anonse pandan Diskou 2017 Gouvènè a sou Eta Leta a, ap sipòte kwasans ak dinamis MWBE yo atravè eta a, e se Divizyon Devlopman Biznis Minorite ak Fi yo Posede, Empire State Development lan (Division of Minority and Women's Business Development, DMWBD) k ap sipèvize l.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Ekonomi nou an pi solid lè l reprezante tout gam talan ak eksperyans New York genyen pou ofri. Depi nan koneksyon antrepriz yo ak zouti ak resous devlopman biznis pou fikse objektif acha ki pi wo nan peyi a pou MWBE yo, n ap sipòte avansman MWBE yo atravè eta a, nan fason kontini. De pwogram sa yo ap apiye dinamis enkwayab New York e y ap kreye pi gwo opòtinite toujou pou MWBE yo ka pwospere.”

**PDG e Delege ESD (Empire State Development), Howard Zemsky, te deklare:** “Sipò angaje Empire State Development pou MWBE yo fonde sou yon ekonomi senp ak ekonomi bon sans —Kwasans finansye ak establiite New York depann de siksè biznis MWBE yo. Nou dwe asire ke antreprenè MWBE yo genyen kapasite pou patisipe antyèman nan kwasans dinamik ekonomi nou an. Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis MWBE a ak Pwogram Asistans pou Sètifikasyon MWBE a founi Eta a yon lòt zouti pou sipòte kwasans antrepriz MWBE yo, epi asire patisipasyon yo nan kontra Eta a.”

**Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis NYS la,** yon inisyativ Gouvènè Cuomo te premye anonse nan diskou sou Eta Leta 2017 la, kreye yon opòtinite pou MWBE k ap

patisipe yo resevwa asistans teknik entansif ak fòmasyon sou devlopman biznis atravè prestatè lokal yo chwazi ki gen eksperyans pwouve nan sèvi kominote biznis sa. Jiska senk benefisyè sibvansyon ap gen chaj pou mete anplas yon pwogram 18 mwa ki enkli seminè ak èd devlopman biznis endividyèl pou MWBE k ap patisipe yo, ak efò ki konsantre sou domèn kote gen yon bezwen kolektif pou abilite regilye pou biznis.

Benefisyè yo ap fè patenarya ak ekspè nan endistri lokal yo pou bay sipò ak fòmasyon sou divès sijè biznis, ki enkli maketing, finans, kontratasyon, ak vant - ki taye sou bezwen kapasite chak antrepriz MWBE k ap patisipe.

**Pwogram Asistans pou Sètifikasyon MWBE NYS la**, ap idantifye jiska senk benefisyè pou bay sipò pou antrepriz k ap chèche Sètifikasyon MWBE Eta NY yo. Pwogram sa pèmèt antrepriz yo travay ak ekspè pou idantifye tout defisyans nan aplikasyon pou sètifikasyon MWBE yo ki ka afekte ponktyalite ak dènnye desizyon pou sètifikasyon DMWBD a.

Gouvènè Cuomo te fè pwomosyon pwogram sa pou bay antrepriz MWBE yo asistans teknik ki nesèsè pou ede biznis yo pwospere nan Eta New York. Enstitisyon ki enterese pou antre nenpòt nan pwogram sa yo nan rejyon yo dwe vizite sit entènèt Empire State Development lan pou jwenn enfòmasyon sou egijans pou reponn a Apèl Dòf yo:

Apèl Dòf pou Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis lan disponib [isit la](#).

Apèl Dòf pou Pwogram Asistans pou Sètifikasyon an disponib [isit la](#).

Y ap anonse Loreya pou chak pwogram yo nan Fowòm MWBE Eta NY 2017 la.

An 2014, Gouvènè Cuomo te etabli pi gwo objektif nan nasyon an pou akizisyon MWBE yo rive a 30 pousan. Pou ane fiskal 2015-2016, MWBE yo te sekirize 1.9 milya dola nan kontra Eta yo epi anba lidèchip Gouvènè a, plis pase 5,500 MWBE te sètifye depi 2011. Pandan diskou Eta Leta 2016 li a, Gouvènè Cuomo te angaje pou ogmante sètifikasyon MWBE yo lè l ajoute 2,000 biznis adisyonèl – Eta sou chemen pou l atenn objektif sa a avan 2018.

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo dyòb ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Atravè DMWBD a, ESD ap chèche fè pwomosyon egalite opòtinite ekonomik pou MWBE yo epi elimine baryè nan patisipasyon yo ak resous k ap ogmante aksè a enfòmasyon ak opòtinite pou biznis Minorite ak Fi yo posede nan New York ki sètifye yo atravè Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou DMWBD ak Empire State Development, tanpri ale sou [www.esd.ny.gov/mwbe.html](http://www.esd.ny.gov/mwbe.html) and [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418